

IJAMBO NYENICUBAHIRO UMUKURU W'IGIHUGU ASHIKIRIJE ABARUNDI KU  
VYEREKEYE UKURWANYA  
IKIZA KORONA VIRUSI

Barundi benewacu; Bakunzi b'Uburundi.

1. Reka tubanze dushimire Imana Mushoboravyose yatugejeje uyu musu, ni ibiherebwe Icobahiro.

Yarakingiye Igihugu cacu ciza c'Uburundi nticingamikwa n'ikiza Korona Virusi, gisasitse inganda hirya no hino kw'isi yose.

2. Ariko nk'uko mumaze imisi mubikurikirana, n'aho twari twaragitsinze ubu casubiriye kutwinjirana kubera ubube gito bwacu.

Nico gituma twasubiriye gutanguza rya sekeza NDAKIRA, SINANDURA KANDI SINANDUKIZA KORONA VIRUSI.

Mu kiringo c'ukwezi kumwe, tukirwanye kandi tugitsinde.

3. Tubifashijwemwo n'Imana, iryo sekeza ryatubereye kirumana, gushika n'aho hatari hakivurwa n'umwe mubari mu gihugu yanduye.

Ni vyo kandi ntivyari bibi, twacye twugurura imbibe hamwe n'ikibuga c'Indege tuzi neza ko abarundi twese atawosubira gufata minenerwe ico kiza.

Naho bamwe mu ngenzi canke mu Barundi batahutse bashika baranduye, twakoze uko dushoboye kugira ngo ntihagire uwo banduza, ahubwo twaca tubavura bagakira.

4. Naho vyari uko, harabonetse Abarundi bari gito, badakunda igihugu cabo, ndetse batikunda kandi badakunda n'imiryango yabo.

Hari abatorotse amahoteri bategerezwa kubanza kwitaramuriramwo, abandi barya igiturire kumbibe kugira ngo ingenzi zinjire zitipimishije canke zidataramuwe ikiringo cari cashinzwe na Reta.

Ivyo vyose ni vyo vyatubayeko akamaramaza, Imana yari yaduhaye turayimanuza.

Ubu harakwiye ko twese twigaya, tugasaba ikigongwe Imana kuko turi ba bahebiyake.

Ariko ntimucike ivutu kuko ntikiragera ku rugero runanirana; turacari musu y'aho twari tugeze igihe twatanguza isekeza rya mbere. Dushatse kuzitira hakiri kare.

5. None rero, ubu turasubiriye gutanguza isekeza.

Uwuzi wese, canke uwikeka ko yoba yaregeranye n'uwurwaye Korona Virusi canke yarakoze kuwamukozeko, tumusavye kuja kwipimisha bidatevye, ataranduza abandi; kandi ntarindire kwibonako ibimenyetso kuko kumukorako canke gukora aho yakoze ntukarabe, uca wikekwa ko wanduye.

Nsavye nshimitse Umurundi wese, ndetse n'umunyamahanga aba hano mu Burundi, agire urwo rugamba gwiwe.

Yipimishe, akize igihugu, akize n'umuryango.

Twese hamwe turwanye ikiza ca Korona Virusi.

6. Muntu udashaka kurwanya ico kiza nawe amenye ko amategeko mpanavyaha ahana ukutifatanya n'abandi kugwanya ikintu cose kibangamiye igihugu ndetse agahana no gutera umugera wica mu gihugu.

7. Ndasavye indongozi zose kuvira hasi ico kiza.

Abitwaza ubukuru bahabwa n'igihugu canke bakarya igiturire kugira ngo bacishirizemwo uyu canke uriya ku mbibe kugira bakwegere akarambaraye Igihugu bagiye gutangwako akarorero mu guhanwa.

8. Nsavye abajejwe umutekano ko bofata ico kiza nk'umwansi rutura yateye abana b'igihugu kuko uretse ko gisasika inganda, aho cicaye kigasiga inzara n'ubukene bitagira uko bivugwa.

9. Ndangije mpamagarira abenegihugu bose kudomako urutoko uwo wese bazobona yarenze ayo mategeko, bashikirize inkuru abajejwe umutekano canke intwari bazoba babegereye kuko nta n'umwe ari hejuru y'amategeko.

Ariko ivyo vyose tubikore twibuka gusenga kuko turi kumwe n'Imana, ntakinanirana.

Imana ihezagire Uburundi n'Abarundi  
Murakoze.